

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar tujuh hal nu aya patalina jeung métode panalungtikan. Hal-hal nu dipedar téh, nya éta (1) data jeung sumber data panalungtikan, nu eusina mangrupa léngkah-léngkah dina nangtukeun data jeung sumber data; (2) desain panalungtikan, nu eusina mangrupa alur panalungtikan; (3) métode panalungtikan, nu eusina pamarekan jeung konsép dina ngalaksanakeun panalungtikan; (4) wangenan operasional, nu eusina watesan téknis jeung istilah anu digunakeun dina panalungtikan; (5) instrumén panalungtikan, nu eusina mangrupa alat-alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data; (6) téknik ngumpulkeun data, eusina mangrupa cara atawa télnik dina ngumpulkeun data; jeung (7) analisis data, nu eusina mangrupa téknik jeung prosedur ngolah data.

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun pikeun ngulik paribasa Sunda. Dumasar éta hal, digunakeun sumber data nu mangrupa ragam tinulis atawa sumber data kaasup sumber data *paper*. Ari sumber data *paper* téh mangrupa tanda-tanda atawa simbol nu bisa mangrupa kertas atawa barang-barang nu digunakeun dina métode dokuméntasi (Arikunto, 2006: 129).

Sumber data ieu panalungtikan nya éta buku-buku paribasa Sunda. Nangtukeun sumber data tinulis téh dumasar kana sababaraha tinimbangan, di antarana: (a) ragam tinulis leuwih kapiara dibandingkeun ragam lisan nepi ka bisa méré gambaran basa anu *terencana, mantap*, jeung baku; jeung (b) basa Sunda geus miboga sistem tulisan nu baku (Sudaryat, 2012: 47).

Aya sababaraha buku paribasa Sunda anu kapaluruh jeung dijadikeun bahan sumber data ieu panalungtikan. Éta buku-buku éta téh di antarana:

- (1) *Kumpulan Babasan jeung Paribasa Sunda* (KBBPS) karya Djayawiguna & Kadarisman (1983);
- (2) *Babasan jeung Paribasa Sunda* (BPS) karya Samsudi(1986);

- (3) *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* (SBPS) karya Tamsyah (1994);
- (4) *Babasan jeung Paribasa: Kabeungharan Basa Sunda* (BPKBS) karya Ajip Rosidi (2005); jeung
- (5) *1330 Babasan dan Peribasa Bahasa Sunda* (BPBS) karya Candra T Munawar(2010).
- (6) *Ngamumulé Basa Sunda: 1200 Paribasa jeung Babasan Sunda* (NBSPBS) karya Nugraha D. (2011)

Tina sajumlahing buku paribasa di luhur, kabéhanana dicutat jeung dijadikeun sumber data ieu panalungtikan. Buku-buku anu ditataan téh aya nu geus ngawilah-wilah antara babasan jeung paribasa, aya ogé nu acan. Buku anu ngawilah-wilah babasan jeung paribasa, nya éta buku *KBPS*, *BPS*, *SBPS*, *BPBS*, jeung *NBSPBS*. Ari dina buku *BPKBS* mah teu ngawilah-wilah antara babasan jeung paribasa. Ku kituna, ieu buku dianalisisna terahir salaku panglengkep pikeun nambahan data nu saméméhna can kacatet.

Dumasar hal di luhur, pikeun ngagampangkeun dina prosés ngumpulkeun data, ditangtukeun heula buku anu dijadikeun sumber utama, nya éta buku *KBPS*. Ieu buku dipilih lantaran salian ti medalna leuwih kolot, katambah eusina leuwih lengkep sarta réa dicutat ku buku-buku séjénna. Sanggeus kitu, kakara dideudeulan jeung dikonfirmasi ngagunakeun buku-buku paribasa séjén. Éta hal dilakukeun sangkan data paribasa anu kapaluruh téh mangrupa paribasa-paribasa nu aya jeung digunakeun di masarakat Sunda.

Tina idéntifikasi awal, dina buku *KBPS* kacatet aya 231 ungkara anu digolongkeun kana paribasa, tina buku *BPS* kacatet aya 116 ungkara, tina buku *SBPS* kacatet aya 198, tina buku *BPBS* mah kacatet aya 275, jeung tina buku *NBSPBS* kacatet aya 355 ungkara. Tina paribasa nu aya dina masing-masing buku, réréana mah sarua, malahan aya ogé babasan atawa idiom séjénna anu digolongkeun kana paribasa. Éta data-data di luhur téh satuluyna digolongkeun salaku populasi ieu panalungtikan.

Tina populasi panalungtikan, dipilih paribasa anu dianggap répréséntatif pikeun dijadikeun sampel, ngagunakeun téknik purposif. Sampel purposif téh

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

dilakukeun ku cara nyokot subjék nu lain didadasaran ku strata/tingkatan, random (acak), atawa daérah, tapi didadasaran ku ayana tujuan hiji panalungtikan (Arikunto, 2006:139-140). Anapon tujuan dina ieu panalungtikan nya éta maluruh paribasa anu ngagunakeun adegan kalimah (klausa). Ieu hal dilakukeun pikeun museurkeun udagan panalungtikan jeung ngagampangkeun proses analisis. Téknik nu dilakukeun téh saéstuna didasarkeun kana sababaraha tinimbangan, di antarana kawatesanana waktu, tanaga, tur waragad (Arikunto, 2006: 134).

Tina hasil pamilihan sampel sacara purposif, kapaluruh data panalungtikan nu jumlahna 185 data paribasa Sunda. Wincikan sampel anu dimaksud téh katitén saperti dina tabél 3.1 ieu di handap.

Tabél 3.1
Sampel Data Panalungtikan

No.	Abjad/Alfabét	Jumlah Data Paribasa	Keterangan
1	A	13	Ieu data dicutat tina buku <i>Kumpulan Babasan jeung Paribasa Sunda</i> (KBBPS) karya Djayawiguna & Kadarisman (1983) salaku buku utama. Saumpama aya paribasa nu teu nyampak dina éta buku, mangka dicutat tina buku-buku ieu di handap. (1) <i>Babasan jeung Paribasa Sunda</i> (BPS) karya Samsudi(1986); (2) <i>1000 Babasan jeung Paribasa Sunda</i> (SBPS) karya Tamsyah (1994); (3) <i>Babasan jeung Paribasa: Kabeungharan Basa Sunda</i> (BPKBS) karya Ajip Rosidi (2005); jeung (4) <i>1330 Babasan dan Peribasa Bahasa Sunda</i> (BPBS) karya Candra T. Munawar(2010).
2	B	11	
3	C	6	
4	D	5	
5	E	1	
6	G	3	
7	H	5	
8	I	2	
9	J	4	
10	K	22	
11	L	8	
12	M	23	
13	N	42	
14	O	1	
15	P	9	
16	R	1	
17	S	12	
18	T	11	
19	U	5	
20	W	1	
Jumlah		185	

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gembleran prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka patalékan-patalékan anu aya bisa dijawab. Ieu hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Frangkel & Wallen (2007: G-7) yén desain panalungtikan (*research design*) téh nya éta *the overall plan for collecting data in order to answer the question. Also the specific data analysis techniques or methods that the researcher intends to use*. [desain panalungtikan nya éta gembleran rencana pikeun ngumpulkeun data dina raraga ngajawab pertanyaan panalungtikan, sarta digunakeun pikeun téknik analisis atawa métode husus anu rék digunakeun ku panalungtik].

Gembleran rencana ieu panalungtikan téh dimimitian ku ngebréhkeun pasualan-pasualan nu ngadadasaran dilaksanakeunana ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan téh didesain pikeun medar tilu hal utama, nya éta struktur, ma'na, jeung papasingan paribasa Sunda. Ieu panalungtikan sacara jembar ngagunakeun pamarekan kualitatif anu nyindekel kana métode déskriptif-analitis. Dina bagbagan prosés ieu panalungtikan, panalungtik boga peran salaku subjék sakaligus objék. Panalungtik boga peran salaku instrumén anu ngama'naan réalitas jeung gejala-gejala anu nyampak. Prosés ngumpulkeun data téh dilaksanakeun kalawan téknik studi pustaka (téks) tina sumber data (*paper*) nu geus ditangtukeun. Pikeun ngagampangkeun dina prosés ngumpulkeun data, panalungtik ngagunakeun instrumén kartu data salaku alatna. Sanggeus kakumpul tuluy diolah kalawan ngagunakeun analisis tés langsung (konstituén) jeung métode hermeuneutik pikeun napsirkeunana. Tujuan tina ieu analisis nya éta pikeun ngadéskripsikeun hasil data panalungtikan sangkan bisa ditafsirkeun (diinterpretasi) jadi hasil analisis. Hasil tina ieu analisis dipiharep bisa ngadéskripsikeun pola-pola adegan paribasa, ma'na paribasa, jeung papasingan paribasa dumasar jenjang di sakola. Bagian pamungkas kakara dicindekkeun salaku hasil tina panalungtikan.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu


Pikeun leuwih jéntréna, ieu di handap digambarkeun désain panalungtikan saperti dina bagan 3.1.



Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Bagan 3.1

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Istilah méthode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah, stratégi, atawa *siasat* maham *réalitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Fungsina méthode pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2009: 34).

Dina enas-enasna, méthode téh minangka léngkah ngahontal udagan pikeun nyangking hasil panalungtikan nu gembleng. Ku kituna, dina unggal panalungtikan salawasna merlukeun méthode sangkan bisa nyangking jeung ngahontal udagan atawa tujuan panalungtikan.

Ari méthode panalungtikan dihartikeun salaku cara pikeun matotoskeun pasualan panalungtikan anu dilaksanakeun kalawan dirarancang sacara gemet sangkan bisa nyangking fakta jeung kacindekan anu bisa maham, ngajelaskeun, ngaramalkeun, jeung ngadalikeun hiji kaayaan.

Dumasar éta hal, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif-analisis. Méthode déskriptif-analisis nya éta méthode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, éta méthode téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu nyampak dina paribasa Sunda, boh disawang tina ulikan struktur, semantis, boh psikolinguistikna.

Méthode déskriptif-analitis téh kagolong kana panalungtikan kualitatif atawa naturalistik, lantaran dilakukeun dina kondisi alamiah (*natural setting*). Disebut panalungtikan kualitatif lantaran data nu kakumpul jeung analisisna téh sipatna kualitatif (Sugiono, 2009: 8).

Dumasar kana sipat ieu panalungtikan téh déskriptif-analitis, mangka unsur-unsur nu didéskripsikeunana téh mangrupa adegan paribasa Sunda, ma'na dina paribasa Sunda, jeung papasingan paribasa Sunda dumasar umur/jenjang sakola. Adegan paribasa Sunda ngawengku adegan kalimah sampurna jeung adegan kalimah teu sampurna. Ma'na dina paribasa ngawengku ma'na babandingan (awak sakujur, alam, tutuwuhan, sasatoan, barang, jeung laku lampah jalma) jeung ma'na maksud (paribasa piluangeun, paréntah, jeung pituah). Ari **Haris Santosa Nugraha, 2013**

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

papasiangan paribasa di dumasar umur/jenjang sakola ngawengku paribasa di SD (6 – 12 taun), SMP (12 -15 taun), jeung SMA (15 – 18 taun).

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir ti nu maca, ieu di handap baris dijelaskeun kalawan écés ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

- a) Paribasa Sunda dina ieu panalungtikan nya éta ungkara (pakeman basa) dina winangun kalimah (klausa) anu kekecapan katut susunanana rélatif angger (matok), tur maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan atawa siloka lakuning hirup manusa.
- b) Struktur dina ieu panalungtikan nya éta unsur-unsur anu ngawangun ngadegna paribasa Sunda, kalawan miboga fungsi jeung pola susun anu disawang tina unsur fungsional klausa atawa kalimah. Unsur fungsional éta téh ngawengku Jejer (J), Caritaan (C), Udagan (U), Panglengkep (Pang.), jeung Katerangan (Kat). Disawang tina strukturna, aya paribasa nu mangrupa kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.
- c) Semantik dina ieu panalungtikan nya éta ulikan ma'na nu nyampak dina paribasa Sunda. Ma'na nu nyampak paribasa Sunda téh diguar dumasar, sumber babandingan jeung maksudna. Ma'na Babandingan nyoko kana sumber anu dibandingkeunana nu ngawengku mialam, miawak, mibarang, milampah, misato, jeung mituwuhan. Ari maksud paribasa leuwih nyoko kana maksud nu dikandungna, nu ngawengku paribasa piluangeun, paréntah, jeung pituah.
- d) Psikolinguistik dina ieu panalungtikan nya éta ulikan pikeun ngawilah-wilah paribasa Sunda dumasar askpék umur manusa (jenjang sakola). Ulikanana disindekelkeun kana tahapan kamekaran pemeroléhan basa mangsa sakola anu dipatalikeun kana struktur basa, makéna basa, jeung kasadaran métaalinguitik (kamekaran kamampuh mikir).

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, nepi ka leuwih gampang pikeu diolah (Arikunto, 2006:160).

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lambar kartu data. Kartu data dina ieu panalungtikan boga pungsi pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa paribasa Sunda tina sumber data nu geus ditangtukeun. Tujuanna sangkan ngagampangkeun dina prosés analisis data, jeung ngagampangkeun dina nyieun kacindekana. Kartu data nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.

KARTU DATA			A-09		
Sumber Buku	Kaca	Paribasa			
<input checked="" type="checkbox"/> KBPS	71	Anjing Ngagogogan Kalong (KBPS/71)			
<input checked="" type="checkbox"/> BPS	65				
<input checked="" type="checkbox"/> SBPS	120	Mikahayang hal anu pamohalan.			
<input checked="" type="checkbox"/> BPKBS	-				
<input checked="" type="checkbox"/> BPBS	5				
<input checked="" type="checkbox"/> NBSPBS	11				
Analisis Struktur					
<input checked="" type="checkbox"/>	Wangun K.. Sampurna	Adegan Paribasa			
<input checked="" type="checkbox"/>	Wangun Salancar		Anjing	Ngagogogan	Kalong
<input checked="" type="checkbox"/>	Salancar Basajan				
	Salancar Jembar	Fungsi	J	C	U
	Wangun Kantétan	Kategori	KB	KP	KB
	Wangun K. Teu Sampurna				
Analisis Semantis					
Babandingan Paribasa			Maksud Paribasa		
<input type="checkbox"/>	Mialam	<input checked="" type="checkbox"/>	Piluangeun		
<input type="checkbox"/>	Miawak	<input type="checkbox"/>	Paréntah		
<input type="checkbox"/>	Mibarang	<input type="checkbox"/>	Pituah		
<input type="checkbox"/>	Milampah				
<input checked="" type="checkbox"/>	Misato				
<input type="checkbox"/>	Mituwuhan				
Analisis Psikolinguistik					
<input checked="" type="checkbox"/>	Umur 6 – 12 Taun (SD)				
<input type="checkbox"/>	Umur 12 – 15 Taun (SMP)				
<input type="checkbox"/>	Umur 15 – 18 Taun (SMA)				
Catetan:					
Struktur basa éta paribasa téh basajan sarta maksudna ogé kawilang gampang kaharti.					

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Gambar 3.1
Kartu Data Panalungtikan

Dina kartu data di luhur katitén aya genep bagian anu kudu di eusian nalika ngalakukeun analisi data. Bagian-bagian di luhur téh mun dijentrékeun mah kieu.

Bagian kahiji nya éta hurup jeung angka nu ditulis di bagian kénca luhur (A-09). Hurup A dihartikeun salaku alfabét tina hurup awal éta paribasa, sedengkeun 09 mangrupa nomer ka-9 tina sajumlahing kartu data dina alfabet A.

Bagian Kadua nya éta judul buku jeung kaca dicutatna éta paribasa. Ari di gigireunana nya éta uni paribasa nu rék dianalisis. Ditukangeun ungkara paribasa aya kode (KBPS/71), kalawan wincikan: KBPS mangrupa judul tina buku utama, sedengkeun 71 mangrupa kaca buku KBPS. Saumpama dina buku utama teu kapaluruh paribasa nu rék dianalisis, mangka kode dicutat tina buku kadua atawa satuluyna, kalawan format nu sarua (judul buku/kaca buku).

Bagian katilu nya éta analisis struktur paribasa nu ngawengku wangun kalimah sampurna (salancar jeung kantétan) jeung wangun kalimah teu sampurna. Ari gigireunana nya éta rucatan adegan paribasa.

Bagian kaopat nya éta analisis semantis anu disawang tina ma'na babandingan (mialam, miawak, mibarang, milampah, misato, jeung mituwuhan) jeung maksud paribasa (paribasa piluangeun, paréntah, jeung pituah).

Bagian kalima nya éta analisis psikolinguistik anu disawang tina tingkatan umur (jenjang sakola). Papasingana ngawengku paribasa di SD (6 – 12 taun), SMP (12 -15 taun), jeung SMA (15 – 18 taun)

Ari *bagian kagenep* nya éta catetan saumpama aya hal-hal séjén anu perlu pikeun dicatet.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téknik téks. Nurutkeun Langacker dina Sudaryat (2001: 34) téknik téks dipaké saumpama data dikumpulkeun tina sumber tinulis saperti koran, majalah, atawa buku. Téknik ték téh dina panalungtikan umum mah ilahar disebut téknik ulikan pustaka (studi pustaka; bibliografi).

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

TékNIK téks atawa studi pustaka anu digunakeun dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi jeung maluruh data paribasa Sunda tina buku-buku sumber anu diidentifikasi dina kartu data. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data téh kieu.

- a. Observasi jeung indéksing kana sajumlahing buku paribasa Sunda nu kapaluruh.
- b. Nangtukeun buku nu rék dijadikeun sumber data panalungtikan.
- c. Milih buku utama nu dijadikeun babon sumber data panalungtikan.
- d. Ngawilah-wilah data nu kagolong kana babasan jeung paribasa.
- e. Ngaidéntifikasi data nu kagolong kana paribasa Sunda dina wangun kalimah (klausa).
- f. Ngadeudeulan data nu geus kapaluruh tina sumber data séjénna, sangkan data panalungtikan bisa leuwih mundel.
- g. Nangtukeun data nu kagolong kana paribasa Sunda dina wangun kalimah (klausa) pikeun dijadikeun sampel panalungtikan.

3.6 Analisis Data

Analisis data dilakukeun ku cara ngalaksanakeun prosedur-prosedur analisis data. Produsur analisis anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta maca, nafsirkeun, jeung ngainterprétasi kalawan gemet sampel-sampel panalungtikan. Data paribasa anu geus kapaluruh satuluyna diketik dina kartu data anu geus disadiakeun. Sampel panalungtikan satuluyna dianalisis ku cara ngarucat paribasa ngagunakeun téori nu geus ditangtukeun.

Ngaanalisi data paribasa téh dilakukeun ku cara téknik analisis unsur langsung (*immediate constituent*). Nurutkeun Kridalaksana (2001: 13) analisis langsung téh nya éta analisis kalimah tina unsur-unsur anu leuwih leutik; unggal konstituén anu bisa dianalisis bisa dianalisis deui dumasar konstituén séjén, nepi ka éta kalimah téh bisa disawang salaku kajadian dumasar lapisan-lapisan konstituén.

Paribasa téh ngarandapan tilu kali analisis ngagunakeun téori anu béda. Analisis kahiji diguar ngagunakeun ulikan struktur. Ieu analisis dilakukeun ku

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

cara ngarucat fungsi-fungsi sintaksis nu nyampak dina éta paribasa. Hasil rucatan dipasing-pasing dumasar sasaruuan pola-pola kalimahna. Analisis ka dua ngaguar ngeunaan tatali harti nu nyampak dina éta paribasa ngagunakeun ulikan semantik. Aya sababaraha hal nu dianalisis, di antarana: ma'na langsung, ma'na imajinatif. Ari analisis katilu dilakukeun pikeun ngaguar papasingan paribasa dumasar umur atawa jenjang sakola ngagunakeun ulikan psikolinguistik. Hasilna nangtukeun pemetaan paribasa antara umur 6 – 12 (SD), 12 – 15 (SMP), jeung 15 – 18 (SMA). Sakabéh hasil analisis data dicatet dina kartu data pikeun didéskripsikeun jeung dipedar sangkan jadi kacindekan panalungtikan.

Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah analisis data, diwincik saperti ieu di handap.

- a. Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Analisis datana dimimitian ti ngawilah-wilah, ngodeuan, jeung ngaalfabétis data nu kaasup kana paribasa.
- b. Nganalisis kumaha strukturna paribasana. Analisis struktur dilakukeun ku cara nganalisis unsur fungsional kalimahna. Hasilna digunakeun pikeun ngelompokeun paribasa dumasar pola-pola nu sarua.
- c. Nganalisis ma'na paribasa anu ngawengku ma'na langsung (awak sakujur, alam, tutuwuhan, sasatoan, barang, jeung laku lampah jalma) jeung ma'na injeuman (paribasa piluangeun, paréntah, jeung pituah).
- d. Nganalisis papasingan paribasa tina jihat psikolinguistik dumasar kana umur atawa jenjang sakola. Ulikanana disindekelkeun kana tahapan kamekaran pemeroléhan basa masa sakola anu dipatalikeun kana struktur basa, makéna basa, jeung kasadaran méta-linguistik (kamekaran kamampuh mikir).
- e. Ngitung frékuénsi jeung papasingan, tabulasi, jeung rékapitulasi éta paribasa Sunda.
- f. Ngadéskripsikeun hasil interprétasi data panalungtikan.
- g. Nafsirkeun paribasa dumasar kana struktur, ma'na, jeung unsur psikolinguistik.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- h. Nyindekkeun hasil panalungtikan, nu ngawengku struktur, ma'na, jeung unsur psikolinguistik paribasa Sunda.



Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu